

Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN JOUNEN NASYONAL MACH PRAN LARI A, GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LEJISLASYON KI MANDE TOUT ÒGANIZASYON K AP PRAN SWEN JÈN SANZABRI YO KONPLETE FÒMASYON KONPETANS LGBT YO

Gouvènè Cuomo: "Li klè ke gen yon gwo kantite timoun LGBT se òganizasyon pou moun sanzabri k ap pran swen yo paske fanmi yo refize aksepte yo pou moun yo ye a. Se poutèt sa li nòmal pou n asire nou granmoun k ap pran swen jèn moun sa yo chak jou jwenn zouti ak enfòmasyon yo gen bezwen pou konprann pwoblèm espesifik jèn LGBT yo ap fè fas. Mwen espesyalman fyè pou m siyen mezi sa a nan lwa sou Jounen Nasyonal Mach Pran Lari a yon lòt fwa ankò pou montre kominote LGBT Eta New York la n ap kore yo".

Nan Jounen Nasyonal Mach Pran Lari a, Gouvènè Andrew M. Cuomo siyen yon lejislasyon (S.1481A/A.3619) ki mande tout òganizasyon k ap pran swen jèn sanzabri yo pou konplete fòmasyon konpetans LGBT yo. Dapre nouvo lwa a, tout anplwaye nan pwogram ak òganizasyon nan Eta New York k ap pran swen jèn ki sove kite kay yo oswa ki sanzabri yo pral bezwen suiv yon fòmasyon sou bezwen ak pwoblèm madivin, masisi, biseksyèl ak jèn transeksyèl yo, epi mete aksan patikilye sou nesosite pou sèvi avèk tèminalojè kòrèk yo lè y ap pale sou idantite ak oryantasyon seksyèl, pale sou omofobi ak transfobi lòt jèn ki nan abri yo, epi bay fanmi jèn LGBT sa yo sipò.

"Li klè ke gen yon gwo kantite timoun LGBT se òganizasyon pou moun sanzabri k ap pran swen yo paske fanmi yo refize aksepte yo pou moun yo ye a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se poutèt sa li nòmal pou n asire nou granmoun k ap pran swen jèn moun sa yo chak jou jwenn zouti ak enfòmasyon yo gen bezwen pou konprann pwoblèm espesifik jèn LGBT yo ap fè fas. Mwen espesyalman fyè pou m siyen mezi sa a nan lwa sou Jounen Nasyonal Mach Pran Lari a yon lòt fwa ankò pou montre kominote LGBT Eta New York la n ap kore yo."

Senatè Brad Hoylman te deklare, "Se Jounen Nasyonal Mach Pran Lari a, ki se yon moman apwopriye pou aji pou ede jèn LGBTQ nou yo ki sanzabri yo. Prèske 40% jèn moun ki nan abri pou jèn ki sanzabri oswa ki sove kite kay yo se LGBTQ. An reyalyte, jèn LGBTQ yo gen de fwa plis chans pou fè eksperyans sanzabri a pase kamarad yo. Se poutèt sa, li esansyèl pou sistèm abri nou an dwe ekipe pou fè fas ak divès defi jèn sa yo ap rankontre. Gras ak nouvo lwa sa a, founisè sèvis pou jèn ki sove kite kay yo ak sanzabri nan tout Eta a pral jwenn zouti yo bezwen finalman pou sèvi timoun LGBTQ yo ak diyite ak konpasyon ke yo merite. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Andrew Cuomo, yon lidè nan kominote LGBTQ a depi lontan, paske li siyen pwojè lwa enpòtan sa a, ansanm avèk Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak kòlèg Senatè mwen yo pou sipò konstan yo pou dwa LGBTQ yo, ansanm ak sponnsò asanble a, Felix Ortiz".

Manm Asanble Felix Ortiz te di, "Jèn ki sove kite kay yo ak sanzabri yo gen menm pwoblèm ki bezwen atansyon espesyal. Lefètke Gouvènè Cuomo bay lejislasyon m nan apwobasyon l pou egzije fòmasyon espesyal pou anplwaye k ap travay ak jèn LGBTQ yo sa reprezante yon gwo pa annavan. Nou dwe ede moun ki vilnerab yo epi pwoteje yo".

Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi a (Office of Children and Family Services) Sheila J. Poole te deklare, "Malerezman, jèn LGBTQ yo mal reprezante nanabri jèn ki sove kay yo ak sa ki sanzabri yo. Mezi sa a kodifye pratik nan pwogram lokal pou jèn ki sove kite kay yo ak sa ki sanzabri yo lè l kreye yon anviwònman favorab e pozitif, ki mete aksan sou bezwen inik kominote jèn LGBTQ yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li siyen pwojè lwa sa a pou popilasyon Nouyòkè trè vilnerab sa a".

Dapre Sant pou Pwogrè Ameriken an, ant 20 ak 40 pousan jèn ki sove kite kay yo oswa ki sanzabri nan Etazini yo se LGBT, konparativman ak sèlman 5 a 10 pousan nan popilasyon jèn yo an jeneral. Souvan jèn LGBT yo twouve yo sanzabri paske paran yo pa aksepte oryantasyon seksyèl yo oswa idantite seksyèl yo a. Lefètke fanmi yo ap voye yo jete konsa sa ap ogmante pwoblèm sante mantal, ki gen ladan l gwo ogmantasyon pousantaj abi alkòl ak tantativ swisid. Laj mwayèn yon jèn madivin oswa masisi vin sanzabri nan New York se 14,4 lane, alòske laj mwayèn yon jèn transeksyèl vin sanzabri nan New York se 13,5 lane. Jèn LGBT yo gen plis chans pou yo kite lekòl akòz diskriminasyon.

Pandan dire administrasyon li an, Gouvènè Cuomo te toujou ap defann dwa LGBT yo, notaman adopsyon lwa sou Egalite sou Plan Maryaj la (Marriage Equality Act) an 2011. Nan mwa Janvyè ane sa a, Gouvènè a te siyen lwa sou Non-Diskriminasyon Akoz Ekspresyon Sèksyèl la (Gender Expression Non-Discrimination Act, GENDA), sa k ap entèdi anplwayè yo, enstitisyon edikasyonèl yo, pwopriyetè kay yo, kreditè yo, ak lòt moun yo diskrimine kont moun sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl, epi rann enfrazyon yo komèt sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl yo kòm krim lahèn dapre lwa Eta New York la. Janvyè ki sot pase a, Gouvènè a te siyen tou yon lejislasyon ki entèdi pratik diskriminasyon sa yo rele terapi konvèsyon LGBT a.

Nan mwa Jen ane sa, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon ki entèdi defans panik omoseksyèl ak transeksyèl, ki pèmèt sila ki akize pou krim vyolan kont moun kominote LGBT yo resevwa yon kondanasyon mwen sevè, epi nan kèk ka, evite kondanasyon, lè yo mete kilpabilite a sou oryantasyon oswa idantite seksyèl yon viktim.

Nan mwa Jen 2018, an previzyon pou demantèlman dispozisyon enpòtan lwa sou Swen Abòdab la yo (Affordable Care Act), Gouvènè a te mande Depatman Sante a (Department of Health) pou yo pibliye règleman k ap entèdi pwofesyonèl swen sante yo diskrimine kont pasyan transeksyèl yo, epi li te mande Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services) pou yo pibliye règleman k ap agrandi pwoteksyon anti-diskriminasyon yo pou moun transeksyèl yo lè y ap chache jwenn aksè a asirans medikal.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)